



Ibibazo n'inyishu (dufatiye kumibereho y'abantu canke kucubahira c'umuntu)

Ikibazo: Mbega imibereho y'abantu hari ico ihindura kukugwirirana kw'umugera wa sida?

Inyishu: Imibereho y'abantu irahindura cane ingene sida igwirirana mugihugu. Iki mbere ni kimwe mubituma ibihugu bimwebimwe bigeramirwa na sida gusumba ibindi. Ibituma ni vyinshi, bimwebimwe biri muri uru rutonde rukurikira ariko ntitwabitondesheje uko birutarutana. (1) Ubuhakanyi – Hariho abantu canke imirwi y'abantu bivugira ngo sida ntishobora kubafata canke ngo imiryango yabo ntishobora kwandura sida, mbere bikabatuma baca babona abandi nkuko ari ibicibwa. (2) Ukutiga – Kudashobora kwigishwa, kutamenya gusoma no kwandika, be no kutaba warigishijwe ibijanye n'umugera wa Sida bituma sida igwirirana cane (ushaka kumenya ibindi, soma igice kivuga kuvyerekeye kwemera ibintazi). (3) Amavuriro – Kubura aho bivuriza, haba mugupima no mukuvura indwara, canke kwivuriza mumavuriro ya magendo atemewe n'amategeko, bakoresha ibikoresho bitobora uruhu, birashobora gutuma umugera ugwirirana. (4) Ingwano be n'amatati – Umutekano muke kenshi na kenshi uratuma abantu bakora ivyo batokoze mbere ugasanga hadutse akajagari. Ibi rero bishobora gutuma haba abantu bafatwa kunguvu, nkuko vyashitse mugihe c'ihonyabwoko mu Rwanda be no muntambara zahitiye muri Kongo. Inyuragiranwa ry'abasirikare be n'imirwi y'itwaje ibirwanisho birashobora gutuma umugera ukwiragira ahatari hake; akarorero twotanga ni abasirikare mvamakungu bagenda kugarukana amahoro mu bihugu bivuye muntambara, usanga bagendagenda kwisi nka hose ugasanga rero bahavuye baja muvyo kurangurana imibonano mpuzabitsina n'abadandaza umubiri (aba malaya). (5) Abantu baguma bimuka, bivuye kuntambara nk'abasoda canke impunzi n'abandi bimuka baja kurondera akazi, vyarabonetse ko bari mubo umugera ugeramira. Ibi rero bituruka kwihindagurika mumibereho no mumibano, abantu ntibaba bakiba mubuzima busanzwe kandi mubihe nk'ivyo niho abantu bafatwa kunguvu ari benshi. (6) Ubutunzi n'imibereho – Ubukene burashobora gutuma umuntu akora ivyo atokoze, akagira inbyifato ishobora kubangamira ubuzima bwiwe; nko kudandaza umubiri (ubumaraya), canke naho abanyeshure bakemera gusambana kugirango baronke amahera y'ishure n'ibindi bikoresho. Ubusumbane mumibano navyo nyene birashobora gutuma umugera ugwirirana narirya abakenyezi usanga batagiye mumashure, ugaca usanga abantu babakengera. (7) Izindi ndwara zandurwa biciye mubihimba vy'irondoka– Izo

ndwara nazo nyene ziri mubituma umugera ugwirirana kandi kenshi na kenshi zigendana n'uwo mugera wa sida.

Ikibazo: Mbega ko mbona vyinshi muri ivyo mudondaguye ataco nobihindurako, noca nihebura?

Inyishu: Oya, ntiwokwihebura. Si vyiza guta umwizero. Intambamyi nyinshi zijanye n'imibereho y'abantu zirarengeye ububasha bw'umuntu umwe. Ibintu bimwebimwe nk'intambara be n'ivy'ubutunzi bw'ibihugu birarengeye gose ubushobozi bw'abanyagihugu basanzwe. Ariko, iyo hari ingwano canke be n'ubukene ntibisigura ko abantu baca barwara umugera wa sida ahubwo gusa haba hari impanuka nyinshi zo kwandura sida be n'irwirirana ry'uwo mugera. Muri ico gihe, dutegerezwa guhindura inyifato n'imigenzo bimwe bikomeye kugirango dushobore guhangana n'ivyo bihe bigoye tuba turimwo. Ibindi navyo bishingiye nko ku buhakanyi, usanga bifatiye ahanini kuvyiyumviro vy'abantu kandi tugiye hamwe twese twohindura ivyo vyiyumviro kugira dufashe mukugabanya igwirirana ry'umugera wa sida. Indwara zindi zifatira mubihimba vy'irondeka zovugwa, ubugunge n'ubusumbane mubantu bikagwanywa vyotuma duhindura igwirirana ry'ico kiza. Kumusi kumusi, abantu igihumbi n'amajana ane (14.000) nibo bandura umugera wa sida kandi tugiye hamwe twese twofasha mukugabanya ico gitigiri tugafasha gutegura kazoza keza k'ibihugu vyacu n'ak'isi yose.